

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Toléat nya éta kasenian atawa waditra anu tumuwuh jeung mekar di Kabupatén Subang anu dijieunna tina awi tamiang anu dimaénkeun ku cara ditiup. Toléat mimiti tumuwuh di daérah Pantura Subang anu mangrupa daérah agraris. Toléat jadi hiji kesenian nalika asup kana pementasan. Toléat dijieun maké ukuran nada dasar A=da. Ayana toléat mimitina tina empét-empétan, nya éta waditra tiup anu dimaénkeun ku budak angon dijieunna tina jarami nalika usum panén kadieunakeun aya inovasi dijieun Olé-oléan (*aerophpne single reed*). Toléat asalna tina kecap *torotot olé-oléan*. Toléat dijieun tina awi tamiang. Toléat ngabogaan dalapan liang sora, anu hiji dibagian handap, nu tujuh dibagian luhur, nada dasarna da saléndro. Nada-nada anu dihasilkeun ku toléat mangrupakeun adaptasi tina waditra tarompét. Kadieunakeun toléat jadi hiji kasenian nu digabungkeun maké waditra séjén. Anapon pungsi toléat nya éta salaku kalangenan, pintonan, jeung kréasi/kontémporér.

Unsur-unsur seni nu ngarojong kasenian toléat nya éta aya unsur waditra (karawitan), unsur sora (lalaguan), jeung unsur seni rupa/busana. Toléat salaku kasenian anu dirojong ku sababaraha waditra nya éta : 1) toléat, 2) kolotok, 3) celempung, 4) calung rénténg, 5) angklung, 6) béas jeung kacang héjo dina nyiru, 7) buyung, 8) cérélék atawa *water shaker*, jeung 9) ketug. Seni sora dina ieu kasenian mangrupa lalaguan atawa kakawihan. Lagu-lagu anu dipintonkeun nya éta lagu buhun jeung lagu modern. Lagu buhunna nya éta lagu “Éngko”. Sedengkeun lagu-lagu modernna diantarana nya éta “Toléat”, “Adem Ayem”, “Awi Ngarambat”, “Siuh”, “Géboy”, “Kopi Lambada”, “Cintaku”, jsb. Lian ti waditrana, seni rupa ogé nyampak tina kostum anu dipaké ku para nayaga. Baju nu dipaké ku panayagan toléat kalengkepanana nya éta pangsi warna krém atawa warna hideung. Éta warna dipilih kusabab ngadeukeutan kana warna paré anu semu krém, warna hideung mangrupa baju anu sok dipaké ku tukang angon salaku jalma anu nyiptakeun jeung maénkeun waditra toléat. Kalengkepan pakéan

Rita Rahayu, 2013

Ajén Éstétika Kasenian Toléat Di Kabupatén Subang Pikeun Bahan Pangajaran Nulis Ésséy Di SMA Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

séjénna nya éta iket, dudukuy cetok anu biasana dipaké ku patani lamun rék ka sawah, jeung sarung anu dipakéna disalémpangkeun dina awak panayagan. Unsur busana ieu nilik kana pakéan tukang angon jeung masarakat tani tempat asal tumuwuh jeung mekarna kasenian toléat.

Dina prak-prakkan pagelaran kasenian toléat salaku kasenian murni, bisa dipagelarkeun dimana baé luyu jeung kahayang nu boga acara, boh waktu mintonna boh lagu-lagu anu dipintonkeunna. Lumangsungna éta pagelaran ogé gumantung kana kaayaan lokasina. Dina pagelaran toléat teu kudu aya juru kawih waé, gumantung paménta ti nu boga hajat. Urutan lalaguan anu dikawihkeun ogé teu aya aturan anu tangtu.

Kaéndahan nu nyampak dina waditra aya dina sora nu dihasilkeun ku waditra toléat nu leuwih deukeut kana sora waditra *saxophone*. Waditra toléat ngabogaan kaonjoyan nya éta nalika nadana luhur teuing, bisa dirobah ku cara pindah liang sora ka nu leuwih handap. Lian ti sora toléat dina ieu kasenian ogé aya kaéndahan tina waditra pangrojong séjénna, nya éta ku teu biasana pakakas agraris dipaké waditra contona kolotok jeung buyung. Aya ogé waditra panambah sora jeung suasana nya éta cérélék atawa *water shaker* jeung béas jeung kacang héjo dina nyiru. Ketug kaasup waditra anu teu biasa lantaran di Subang ogé ngan aya di sanggar émpér paré Toléatter hungkul pikeun nambahan suasana ketukan (senggak).

Kaéndahan tina rumpaka lagu “Éngko” nya éta eusina sisindiran ngeunaan papatah kahirupan urang dipatalikeun kana kaagungan Gusti Alloh. Ieu lagu maksudna pikeun pangéling-ngéling para pamiarsa jeung nayaga nu ngadangukeunna. Rumpaka lagu “Éngko” diwangun ku sababaraha pada anu eusina winangun sisindiran, unggal pada aya opat padalisan. Ajén éstétika tina rumpaka lagu “Toléat” nya éta nyaritakeun asal-muasal sajarah kasenian toléat sacara singkat. Ditilik tina rumpakana lagu “Kembang Gadung” eusina mangrupa sanduk-sanduk ka karuhun utamana ka Ki Lapidin anu dianggap pahlawan ku masarakat Subang.

Ditilik tina ajén éksprési, ajén éstétika nu nyampak dina kasenian toléat témbong dina unsur seni rupa jeung seni busana nu aya dina kasenian Toléat.

Unsur seni rupa kasenian toléat terus mekar, boh dina ukuran toléat, boh dina wangun toléat ogé waditra pangrojong séjénna. Awi anu dipaké jang bahan toléat ogé ngalaman parobahan lantaran ayana inovasi ti seniman, asalna awi tamiang kadieunakeun dijieun tina awi hideung, awi nu sok dipaké jang popoéan, jeung awi nu sok dipaké jadi gagang sapu. Ditilik tina unsur busana anu dipaké ku panayagan Toléat nalika minton, nya éta: Dudukuy cetok, pangsi, sarung, jeung iket. Ditilik tina ajén éksprési unsur busana nayaga toléat téh ngaéksprésikeun masarakat tempat nimukeun ieu kasenian, nya éta tukang angon di daérah masarakat agraris. Warna baju nu dipaké aya nu warna krém atawa warna hideung. Warna krém dipilih kusabab ngadeukeutan kana warna paré anu semu krém, warna hideung mangrupa baju anu sok dipaké ku tukang angon.

Ditilik tina ajén ekstrinsik dina magelarkeun kasenian Toléat gumantung kana kaayaan lokasina tapi aya lagu bubukana nya éta lagu “Toléat. Adu manis unsur-unsur nu ngarojong kasenian toléat nyiptakeun hiji pintonan anu harmonis, selaras sarta kesatuan. Dina pagelaranana nayaga nu maénkeun toléat diriung ku nayaga séjénna, hal ieu mintonkeun yén toléat salaku waditra utama dina ieu kasenian. Biasana baju nayaga nu maénkeun toléat béda jeung baju nayaga anu séjénna tina segi warna leuwih sering maké baju warna hideung lantaran hayang ningalikeun kaaslian ieu kasenian anu diciptakeun ku tukang angon anu bajuna sarua jeung nu dipaké ku nayaga nu maénkeun toléat. Dina pagelaran kasenian toléat teu salawasna aya juru kawih nu ngahaleuangkeun lagu-laguna. Kaéndahan éksprési jeung katarsis témbong ti pamiarsa nalika pintonan sok aya nu ngibingan, lantaran dina ieu kasenian taya penari husus. Dina pintonan kasenian toléat aya ogé hiburan nya éta saurang nayaga aya nu nyekel dua waditra.

Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran nulis esai pikeun SMA kelas XII kusabab luyu jeung nu matéri anu rék dihontal dina SKKD nya éta 12.4.2 *Menulis esai berdasarkan topik tertentu*. Ngeunaan hasil atawa henteuna bahan pangajaran nulis ésséy, gumantung kana téhnik jeung métode nu dipaké ku guru nalika ngajar. Lian ti éta, guru kudu nyaluyukeun bahan pangajaran jeung kamampuh siswana sorangan sangkan bisa ngahontal kana tujuan pangajaran nu dimaksud.

Rita Rahayu, 2013

Ajén Éstétika Kasenian Toléat Di Kabupatén Subang Pikeun Bahan Pangajaran Nulis Ésséy Di SMA Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

1.2 Saran

Aya rasa bungah jeung reueus nalika nalungtik salasihiji kabudayaan hususna anu aya di Kabupatén Subang nya éta kasenian toléat. Sangkan ieu seni teu tumpur, aya saran pikeun lembaga kasenian, tenaga pengajar jeung pelajar (guru, mahasiswa jeung murid), jeung masarakat umum.

1) Saran kanggo lembaga kasenian

Lembaga kasenian dipiharep sangkan leuwih ngainvéntarisir budaya jeung seni hususna kasenian tradisional nu aya di tatar Sunda, kaasup kasenian Toléat. Lian ti éta lembaga kasenian ogé dipiharep bisa ngasosialisasikeun ieu kasenian sangkan leuwih dipigandrung tur ahirna aya régénerasi pikeun neruskeun ieu kasenian.

2) Saran kanggo guru, mahasiswa jeung murid

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi bahan pangajaran seni budaya atawa budaya Sunda dina pangajaran basa Sunda. Husus pikeun mahasiswa, loba kénéh nu acan kaguar tina ieu kasenian. Kahareupna, kacida hadéna lamun ieu kasenian téh ditalungtik deui dina garapan séjén anu leuwih husus, sangkan ajén-inajén anu aya dina ieu kasenian bisa kaguar deui ajén inajén nu geus nyampak dina ieu kasenian.

3) Saran kanggo masarakat umum

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi hiji sarana pikeun masarakat umum mikawanoh leuwih jembar ngeunaan kasenian toléat, minangka kasenian tradisional has Sunda anu hirup tur mekar dilingkungan masarakat agraris. Leuwih jauhna masarakat bisa leuwih mikaresep kana kasenian toléat. Disagigireun éta aya hal nu leuwih penting nya éta masarakat dipiharep bisa ngamumulé kabudayaan nu geus nyampak di masarakat urang salaku cicirén bangsa jeung budaya Sunda hususna kasenian Toléat anu jadi gambaran kahirupan masarakat agraris di Kabupatén Subang.